Date : August 22, 2013
Nimewo Pwogram Nan : 0868
Tit Pwogram Nan : I Timote 1:18-2:5

Mwen kontan resevwa w' jodia ankò nan etid biblik Atravè Labib. Nou nan I Timote, e n' va wè I Timote 1 : 18-2 :5.

M'ap fè w' sonje etid biblik Atravè Labib yo toujou disponib 24/24 sou sit entènèt nou ki se ttb.twr.org/creole. N'ap apresye si w' kapab pran yon ti tan pou w' vizite sit sa a kote w' ka koute nenpòt nan pwogram nou yo, li eskrip yo, telechaje yo e menm pataje yo avèk yon zanmi. Adrès la yon fwa ankò se te ttb.twr.org/Creole.

Pandan w' sou entènèt la ou ka tou pwofite ekri emisyon pou poze kesyon, fè yon kòmantè ou pataje yon temwayaj ak nou. Adrès elektwonik nou se creole@twr.org.

Annou priye Bondye.

Mèsi Senyè pou jounen an e pou privilèj nou genyen nan moman sa pou n' kapab etidye Pawòl Ou. Se pa nou men se Ou. Se gras a Sila ki fè pon ant Ou menm ak nou an. Anvan sa wout la te koupe, pa t' gen kontak ant bò isit ak bò lòt bò. Anvan sa nou te totalman dezespere san Bondye, san rele, san sekou, san espwa. Nou te kondane. Nou te tankou chen san mèt pitimi san gadò. Men kounyea gras a Chemen ki mennen bòt kote W' la, grenmesi Pon ki konstwi ant syèl la ak tè a, zanmitay la renwe. Nou ka monte desann fè va e vyen, nou ka vini, nou ka pale. Kounyea espwa nou se nan Kris, nou gen rele, nou gen sekou nou gen Ou menm Bondye. Mèsi Bondye Papa pou sa Ou ye, pou sa Ou fè e

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

pousa W'ap kontinye fè pou nou. Se nan non Bondye Pitit la nou priye W', amèn.

Ou byenvini nan etid la pou jounen an, pasaj nou se I Timote 1 :18-2 :5.

RESPONSABLITE TIMOTE

I Timote 1 :18 *Timote, pitit mwen, m'ap renmèt ou kòmandman sa a, dapre pawòl pwofèt Bondye yo te di sou ou nan tan lontan an. Pran fòs sou pawòl sa yo pou ou ka mennen batay la byen.*

« *Timote, pitit mwen, m'ap renmèt ou kòmandman sa a…* » Byenke lèt sa a Pòl te ekri Timote a se yon lèt trè pratik ki gen pou wè avèk legliz lokal la e responsablite Timote nan legliz la, li jete pou nou tou yon ti limyè sou bèl relasyon pèsonèl sa a ki te genyen ant apot Pòl e Timote. Sa se responsablite pèsonèl Pòl ap bay Timote kòm yon jenn pastè nan ministè a.

« *Timote, pitit mwen…* » Timote se te pitit espirityèl apot Pòl, se Pòl ki te menen l' vin jwenn Kris.

« *dapre pawòl pwofèt Bondye yo te di sou ou nan tan lontan an.*» Pòl te gen yon disènman espirityèl otantik e evidamman Bondye te dirije l' nan desizyon pou pran jenn gason sa a avèk li e se Bondye ki te penmèt Timote okipe plas li te genyen nan legliz primitiv la.

« *Pran fòs sou pawòl sa yo pou ou ka mennen batay la byen.* » Ou pa janm dwe al antre tèt ou nan yon batay, san w' pap goumen ak tout kè w', san w' pap goumen pou yon kòz ki reyèl e

© Trans World Radio

gen tout entansyon genyen batay sa a. Kòm kretyen Timote te gen yon lenmi reyèl. Li te angaje nan yon batay espirityèl. Pòl envite l' mennen yon bon konba non pa fè nofraj nan lafwa tankou kèk lòt moun te fè l' la.

I Timote 1:19 *Kenbe konfyans ou fèm nan Bondye ak konsyans ou an repo. Gen moun ki refize koute konsyans yo. Se konsa yo pèdi konfyans yo.*

Mennen yon lavi kretyèn pa osi senp jan nou ta renmen panse l' la. Li pi konplike pase yon senp aksyon mekanik kote w' travèse lari a lè limyè a vèt oswa w' kanpe tann lè limyè a wouj. Pèsonalite nou trè konplèks, e Pòl ap di n'a kouri yon gwo danje nan nati imèn enkonsistan e fèb nou an. M' sipoze ou pap viv nan yon chato ivwa sou tèt yon mòn kèk kote. Men gen kèk kretyen ki kwè sa, yo panse jan yon byen kadre sou fòtey yo sa a gen kèk bagay ki pa pou yo. Men pou nou menm jodia, chè ak san, k'ap mache nan lari lavil nou yo, k'ap fwote zèpòl avèk imanite brit lòm nan e pwoblèm monn nan, nou jwenn bagay yo pa toujou mache byen gen enkonsistans ak echèk. Danje a se lè n'ap eseye ajiste lafwa nou avèk echèk nou yo.

Gen yon mesye m' te rekonèt ki apre l' te tounen sot nan chan misyonè a e t'al angaje l' nan yon travay plizoumwen òdinè. Li di m : « Se Senyè a ki te dirije m' fè travay sa. » Moun sa a te prepare pandan nevan pou l' te ka vin yon misyonè, e koulyea l' deklare Bondye fè l' tounen nan peyi l' pou l' vin fè yon ti djòb òdinè san enpòtans. M' mande l' se te reyèlman konvenki se Senyè k'ap dirije l', li reponn mwen wi. Men l' tèlman repete sa souvan m' gen enpresyon sa k' rive sèke l' te adapte lafwa l' avèk echèk imen ke l' te genyen nan chan misyonè a. Sa se yon gran danje, yon gwo malè ki pandye sou tèt nou tout. Zanmi, lè mwen menm avè w' nou echwe, lè gen enkonsistans nan lavi nou, nou bezwen pwoche kote Senyè a pou konfese l' echèk nou. Tankou n'

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

pra l' wè sa pi devan nan premye lèt Timote a, Senyè Jezi se yon Medyatè mèvèye, Li se sèl Medyatè efektif ki genyen ant lòm ak Bondye. Kidonk nou pa bezwen pè, nou kapab toujou pwoche kote L' avèk asirans.

I Timote 1:20 *Nan yo gen Imene ak Aleksann. Mwen lage tou de nan men Satan pou yo aprann pa pale mal sou Bondye.*

« *Nan yo gen Imene ak Aleksann.* » Pòl bay de egzanp moun ki t'ap fè apostazi nan jou li yo. Li nonmen non yo lòt kote nan ekri yo tou men l' pa gen anyen pozitif pou l' di sou yonn nan yo. Pa egzanp Pòl ekri nan II Timote 4:14: « *Aleksann, bòs fòjon an, fè m' anpil tò...*»

« *Mwen lage tou de nan men Satan pou yo aprann pa pale mal sou Bondye.* » De mesye sa yo te echwe, se aposta yo te ye e Pòl anvè yo egzèse yon ministè ke m' kwè se sèl apot yo ki gen dwa egzèse. Li di : « *Mwen lage tou de nan men Satan…* » Sa se pa bagay nou ka klase nan kad disiplin legliz, sanksyon ou ekskomiyon jodia. Se pito Pòl k'ap egzèse prewogatif e pozisyon l' kòm apot ; li lage tou de nan men Satan.

Nou jwenn yo mansyone menm pawòl sa yo tou nan yon lòt okazyon, nan I Korent 5 :3-5 kote Pòl deklare : «*Mwen menm, mwen pa la avèk nou nan kò m', men mwen la nan lespri m'. Pou tèt pa m', nan non Jezikri, Seyè a, mwen deja jije nonm ki fè kalite vye bagay lèd sa a, tankou si m' te la avèk nou. Lè n'a reyini ansanm, m'a la tou avèk nou nan lespri, pa pouvwa Jezikri, Seyè nou an. Se pou n' lage nonm sa a nan men Satan pou kò l' ka peri. Se konsa lespri l' ka jwenn delivrans lè jou Seyè a va rive.*» Sa se yon otorite apot yo te genyen nou menm jodia nou pa genyen. Nou pa gen okenn dwa lage pèsonn nan men Satan, men apot yo te gen dwa sa. Apot Pyè te egzèse dwa sa tou :

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

m'imajine si n' te ka pale ak Ananyas ak Safira yo ta ka di nou kèk bagay sou otorite apot yo. (Sa se yon istwa ke w' ka jwenn nan Travay 5 : 1-11)

I TIMOTE CHAPIT 2

TEM : Lapriyè Piblik e plas fi a nan legliz lokal yo

LAPRIYE PIBLIK

Lapriyè piblik se lapriyè pou piblik la e pou ofisye piblik yo.

I Timote 2:1, 2 *Pou konmanse, m'ap mande pou nou lapriyè Bondye pou tout moun. Fè l' tout kalite demann pou yo, mande l' padon pou yo, di l' mèsi pou yo.*
Se pou nou lapriyè pou chèf yo ak tout lòt moun ki gen otorite nan men yo, pou nou ka viv trankil ak kè poze nan sèvis Bondye a, ak yon konpòtman ki respektab sou tout pwen.

Pòl di kreyten an dwe priye pou chèf yo nan peyi a, pou anplwaye leta ou ofisye piblik yo, e m' panse sa vle di se nan legliz la priyè sa yo dwe fèt. Pou n' aplike sa nan kontèks nou an, ou konnen nan yon peyi tankou Lèzetazini toujou gen de pati politik prensipal demokrat ak repliken k'ap twoke kòn yo, enben Pòl ap di se pou demokrat lapriyè pou repibliken ki sou pouvwa e repibliken lapriyè pou demokrat ki sou pouvwa. Nenpòt afilyans politik moun ki sou pouvwa a nou bezwen lapriyè pou li. Yon lè gen yon vizitè ki te mande yon omonye selèb nan Sena Lèzetazini an eske l' priye pou senatè yo. Li reponn : « Non, mwen gade senatè yo, epi m' lapriyè pou peyi a. » Se egzakteman sa Pòl ap mande pou nou fè isit la. Nou bezwen lapriyè pou peyi nou e nou

© Trans World Radio

bezwen lapriyè pou moun yo ki plase nan pozisyon otorite sou nou yo. Ke se nan pati pa w' la, ke se nan opozisyon an moun nan ki sou pouvwa a kounyea soti, ou bezwen lapriyè pou li.

« Pou chèf yo. » Gen kèk tradiksyon ki di pou wa yo, jodia nou ta di pou prezidan oubyen premye minis yo. E la petèt w'a mande : « Men pas, e si se yon gouvènman kòwonpi ? » Enben Pòl reponn nou bezwen lapriyè pou li menm si se yon gouvènman kòwonpi. Nenpòt kalite moun ki sou pouvwa a, nou bezwen lapriyè pou li. Pa bliye moun ki te sou pouvwa a Wòm lè Pòl t'ap ekri lèt sa a se te Newon, diktatè ansansen san eskripil la, men malgre tou, nou bezwen lapriyè pou chèf yo, nenpòt moun yo ye a.

« *Pou nou ka viv trankil ak kè poze nan sèvis Bondye a, ak yon konpòtman ki respektab sou tout pwen.* » Nenpòt gouvènman an pi bon pase si pa gen okenn gouvènman. M' konnen ka gen moun ki kesyone sa. M' pa gen pwoblèm si w' gen yon opinyon diferan men nou panse yon gouvènman mechan e kowonpi pi bon pase yon eta anachik. M' dakò ak moun ki panse politik pa dwat la, malerezman lòm pa manke pa kowonpi e abize pouvwa politik la, men malgre tou gen yon ti aparans lòd ak disiplin. Gouvènman sivil la se yon kado Bondye, nou bezwen remèsye e priye Bondye pou li. Gen anpil nan nou ki pa sonje ou enterese priye pou gouvènman nou yo yon fason *Pou nou ka viv trankil ak kè poze nan sèvis Bondye a.*

I Timote 2:3, 4 *Se bagay konsa ki byen, ki fè Bondye, Sovè nou an, plezi.*
Li ta renmen wè tout moun sove, li ta renmen wè tout moun rive konn verite a.

Yon lòt rezon kifè n' bezwen priye pou gouvènman nou yo se pou penmèt levanjil la ka kontinye gaye rive jwenn moun pèdi yo. Pèsonèlman m' panse n'ap vanse vè moman lè yo va kòmanse

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

pèsekite legliz kretyèn yo nan peyi a. M' pap pale sou manm legliz yo non, paske legliz liberal yo tèlman « jpp » se sèten y'ap aliye ak nenpòt sa k' vini. Sa m'ap di la a sèke vrè kretyen yo nan Kris va jwenn pèsekisyon. Pòl pèsonèlman te kòmanse rankontre pèsekisyon, men l' mande pou kretyen yo priye pou lidè yo ki responsab pèsekisyon sa yo. Se pa lapriyè dèyè yo tankou pou mande Bondye lanmò pou yo non men lapriyè pou yo. Poukisa pou nou lapriyè pou yo ? Paske « *Se bagay konsa ki byen, ki fè Bondye, Sovè nou an, plezi.* » Poukisa ? Paske Bondye ta renmen wè tout moun sove.

Sa pa enpòtan pou mwen menm avè w', kòm pastè ak fidèl, ap fè kanpay pou mete yon moun sou pouvwa. Nan tout ministè m', m' pa janm voye kongregasyon al vote pou yon kandida an patikilye. Se pa djòb mwen sa, e m' pa kwè sa se djòb okenn pastè. Men m' dwe priye pou tout prezidan nan nenpòt pati politik li soti a dekwa pou Pawòl Bondye a ka kontinye preche. M' bezwen yon moun sou pouvwa ki va fasilite Pawòl Bondye a kontinye preche al jwenn moun pèdi yo. Se sa k' dwe sousi ak rekèt priyè nou.

I Timote 2:5 *Se yon sèl Bondye a ki genyen. Se yon sèl moun tou ki mete lèzòm dakò ak Bondye ankò, se Jezi, Kris la.*

« *Se yon sèl Bondye a ki genyen.* » Women yo te konn adore plizyè fo dye, jodia lèzòm kontinye adore tout kalite fo dye sou plizyè fòm. Moun yo sèjousi lage tèt yo nan plizyè bagay : gen nan yo se plezi, distraksyon elatirye. Mond detant lan, pa egzanp vin tounen yon sòt relijyon pou anpil moun. Gen fi ki deja tou pare pou sakrifye vèti yo nan yon bat je e gason sakrifye onè yo nan objektif pou jwenn yon djòb esta sinema. Moun yo gen tout kalite fo dye jodia. Men *se yon sèl Bondye a ki genyen*, e li se Bondye Kreyatè a.

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

« *Se yon sèl moun tou ki mete lèzòm dakò ak Bondye ankò, se Jezi, Kris la.* » Nan peryòd Ansyen Testaman an Izrayelit yo te konn ale nan tanp lan kote ki te genyen plizyè prèt. Se pa mwayen prèt sa yo yo te dwe pwoche kote Bondye. Pòl kounyea ap di pa gen ni de ni twa se kote yon sèl Medyatè pou n'ale. Nou pa gen pou n'al devan okenn ti lòm isit sou latè ; ou pa bezwen okenn pastè al fè demach pou ou. Gen yon sèl Medyatè ant Bondye ak lòm e non L' se Lesenyè Jezi.

Nou bezwen yon medyatè, nou bezwen yon prèt, e nou gen yonn, se Granprèt la. Menm Jòb, nan epòk li t'ap viv la te oblije lapriyè mande : « *Pa gen moun ki ka mete ola nan koze a. Pa gen moun ki ka jije m' ansanm avè l'.* » (Jòb 9 :33) Se tankou si Jòb t'ap di : « Ooo, si sèlman te ka gen yon moun ki kenbe men Bondye yon bò, kenbe men m' lòt bò a e reyini nou ansanm dekwa pou ka gen kominikasyon ak konpreyasyon antre nou ! »

Enben zanmi, jodia nou gen yon Medyatè – Senyè Jezikri te vini. Li gen yon men L' nan men Bondye paske Li se Bondye. Li gen kapasite pou l' konplètman sove paske Li se Bondye e L' deja fin pye lajan kontan pri delivrans nou an. Li se yon Medyatè paske Li te tounen moun tou. Konsa Li ka kenben men m', Li konprann mwen. Li konprann ou, ou mèt vin kote L', Li pap ni fache ni deranje okontrè L'ap byen kontan resevwa w' paske L' deja pare ap tann ou. Ou ka vin kote L', Li pap fè move san ak ou ou fè w' okenn mal. Petèt ou ka di : « Men m' pa merite sa. Mwen se yon pechè. M' te fè sesi m' te fè sela e m' pa rive nan nivo laglwa Bondye ! » Zanmi Li deja konn sa men sa pa anpeche L' renmen w'. Li toujou renmen w' e L' ta renmen w' vin pou L' pase men nan kou w'.

Ezayi te ekri nan Ezayi 63 : 9 : « *nan tout tèt chaje yo… kè l' sitèlman fè l' mal pou yo, se limenm menm ki te vin delivre yo...* » Gen kèk teolojyen ki di nou ta dwe tradwi deklarasyon sa

© Trans World Radio

a pou di : « nan tout tèt chaje yo, tèt Li pa t' janm chaje » Men nenpòt jan w' tradwi l' li rete yon deklarasyon admirab. M' panse petèt Bondye ta renmen nou konsidere tou de ang yo men m' renmen sa Ezayi di a : « nan tou tèt chaje yo… kè l' sitèlman fè l' mal pou yo. » Bondye te akonpanye pèp Izrayèl la nan dezè a. Lè yo te dezobeyi L', yo te echwe Kadès-Banea a, Li pa t' di : « OK, babay nou echwe, nou desevwa M', M' pa sou bò nou ankò. » Men non okontrè Li te rete ak yo pandan karantan nan dezè a. Epi l' kontinye fè pwovizyon pou avni yo, Li bay Moyiz tout enstriksyon yo va bezwen pou yo viv lè finalman yo va antre nan tè pwomiz lan. Men L' te ret tann yo e L' te trete yo avèk pasyans nan moman afliksyon yo t'ap pase nan dezè a. Li pa t' dekouraje ou aflije pou tèt pa L' men kè L' te fè L' mal pou yo e L' te rete bò kote yo.

E se pa sèlman pou Izrayèl la Senyè a te aji ak mwen nan menm fason sa tou, e se tèlman mèvèye pou n' gen yon tèl Medyatè atravè ki nou ka pwoche kote Bondye. E pito w' al kote L', al kote l' dirèkteman paske sa pap sèvi w' anyen vin rakonte w' pwoblèm ou yo. Ala rigè m' ka senpatize ak ou, menm m' ka pa fin konprann sa w'ap esplike m' lan. Sepandan Jezi totalman konprann ou. Li 100% moun. Li se Medyatè a. Li te mete men L' nan men m'. Se pa mwen ki te mete men m' nan men L' non men se Li menm kite mete men L' nan menm m'. Se sa k' pi bèl nan tout istwa a ! Li te desann vin sou latè e L' te mete men L' nan men m' e L' te kenbe m', men anmentan lòt men an toujou kenbe men Bondye paske Li se Bondye, epi L' rasanble nou ansanm.

Se Medyatè sa lemonn bezwenn konnen paske pa gen lòt chemen pou delivrans lan. Apot Pyè te di lidè relijye nan tan li yo, nan Travay 4 :12 : « *Se li menm sèl ki ka bay delivrans paske Bondye pa bay non okenn lòt moun sou latè ki kapab delivre nou.*» Kris se sèl chemen an, e sa ki estraòdinè a sèke L' va mennen w' dirèkteman kote Bondye Papa a si w' dakò pase nan Li.

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

Dr. McGee di, yon lè pandan m’ te Kanada, yo te di m’ ke m’ ka pase nan yon granwout pou rive, Detroit, Michigan, men si m’ ta rate gran wout sa a, m’ ta nan gwo pwoblèm. M’ te bezwen fè bon vire tounen pou m’ jwenn gran wout sa a men lè m’ te jwenn li li te mennen Detroit tou dwat. M’ trè rekonesan pou moun sa a ki te di : « Se mwen ki chemen an. » M’ rekonesan tou dèske yo te di m’ se yon sèl chemen, yon sèl Medyatè ki mennen kot Bondye Papa a. Se Li menm sèl ki ka ini nou ansanm : Li gen kapasite pou mennen nou kot Bondye paske Li se Bondye e Li se moun : Li se pitit lòm nan, Kris Jezi !

Ala bèl ! Ala gwo koze Pòl ap di isit la. Men n’ap oblije kanpe la paske lè nou deja fini, n’espere w’ pap rate pwochen randevou. Pou kounyea n’ap mande pou Bondye ki gen tout pouvwa a, Bondye ki te trase chemen e ki se sèl chemen an kapab kenbe nou sou chemen ki mennen kot Papa a, amèn !

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com